



COMPASS

*Navigasyon swen pou VIH kòm yon nouvo
pasyan nan Fenway Health*



Entwodiksyon: Gid sa fèt pou ede nouvo pasyan ak pasyan nou genyen deja yo konprann kisa yon dyagnostik VIH ye pandan l ap founi yo enfòmasyon ki enpòtan konsènan sa pou yo atann lè yo kòmanse resevwa swen pou VIH nan Fenway ansanm ak enfòmasyon enpòtan sou maladi a menm. Gid sa a gen ladan l tou resous sou lòt sèvis nou ofri nan Fenway ak nan kominote a. Nou espere ba ou repons pou kesyon moun souvan poze yo ansanm ak konsèy enpòtan sou kòman pou rive jwenn swen nan Fenway Health ak nan kèk nan òganizasyon patnè nou yo.

Lokal ak Sèvis Fenway Health yo

Fenway Health (Ansin Building) 1340 Boylston St. Boston, MA 02215 617.267.0900 Swen prensipal pou adilt ak fanmi, sante moun ki transjan, travayè sante kominotè, sante seksyèl, swen espesyalize, radyoloji, sante konpòtmantal, famasi, Laboratwa Quest, swen dantè, optometri, rechèch	Sidney Borum, Jr. Health Center 1340 Boylston St Boston, MA, 02215 617.457.8140 Swen medikal pou pasyan ki gen laj 12-28 lane, sante moun ki transjan, sante seksyèl, sante konpòtmantal, Laboratwa Quest
AIDS Action Cambridge 359 Green St. Cambridge, MA 02139 617.661.3040 Aksè: Sante Moun ki Konsome Dwòg, echanj zegwi, sèvis pou diminye risk, sante seksyèl, koneksyon ak swen medikal, travayè sante kominotè, sante konpòtmantal	



Tabmatyè

KIYÈS NOU YE	4
Swen Prensipal nan Fenway Health: Ekip Swen W lan	5
Kiyès pou m kontakte?	7
HDAP	9
Swen ak Sèvis nan Fenway Health	10
KISA POU ATANN	11
Premye Randevou avèk Pwofesyonèl Swen Prensipal	11
Aprè Premye Randevou W la	12
1 - 3 Mwa	12
4 - 6 Mwa	12
ENFÒMASYON DEBAZ SOU VIH	13
Viv An Sante Pandan W Gen VIH	13
Endetektab = Entransmisib (E=E)	14
Lòt Fason pou Kontinye Viv An Sante Pandan W Gen VIH	15
Rejim Alimantè ak Nitrisyon	15
Sante Mantal ak Konpòtmantal	15
Tretman pou Konsomasyon Sibstans	16
Gwoup Sipò	16
Egzèsis	17
Èd pou Kite Fimen	18
Medikaman	19
W ap pran laj avèk VIH	20
Swen Vizyon/Optemtri	20
Odontoloji	21
Divilgasyon	22
Lalwa Pwoteje Moun K Ap Viv avèk VIH ak SIDA yo	23
Lòt Resous	23
Konsèy Konsiltatif pou Konsomatè	24
Rechèch	25
Fason pou Enplike W	25
RESOUS EKSTÈN	26



KIYÈS NOU YE

Misyon Nou

[Fenway Health](#) defann e founi swen sante inovan ki ekitab e aksesib, sèvis sipò, ansanm ak rechèch ak edikasyon transfòmatif. Nou priyore moun ki fè pati kominote LGBTQIA+ yo, moun ki fè pati BIPOC yo, ansanm ak lòt kominote ki defavorize yo pou n kapab rive pemèt vwazen lokal, nasyonal, ak vwazen mondyal nou yo pwospere.

[The Fenway Institute](#) nan Fenway Health se yon sant sante entèdisiplinè pou rechèch, fòmasyon, edikasyon ak elaborasyon politik ki konsantre sou pwoblèm sante nasyonal ak entènasyonal.

Fenway's [Sidney Borum, Jr. Health Center](#) pran swen jèn ak jèn adilt ki gen laj 12 rive 29 lane, ansanm ak moun ki fè pati kominote LGBTQIA+ yo oswa moun k ap chèche detèmine oryantasyon yo; moun ki zanzabri; moun k ap lite ak konsomasyon sibstans; oswa moun k ap viv avèk VIH.

[AIDS Action](#), divizyon sante piblik Fenway la, ap travay pou l anpeche plis moun vin enfekte ak VIH pandan l ap sipòte sa ki gentan enfekte yo, epi l ap jere yon pwogram sante pou moun ki konsome dwòg yo ki sèvi pwen antre nan sèvis swen sante pou moun ki toujou ap konsome sibstans yo.

Poukisa Fenway?

Swen sante dwe se yon dwa, men pa yon privilèj. Nan objektif sa a, **nou pa refize pyès moun swen kit yo an mezi, oswa yo pa an mezi, pou yo peye.** Fenway te rive kontribye nan mete an plas yon filozofi swen entegre ki konsidere chak pasyan antanke yon moun aparantye, epi manm pèsònèl nou yo travay ann ekip pou yo rive reponn ak bezwen tout moun ki vin frappe pòt nou.

Se depi lane 1971 Fenway Health ap travay pou l pèmèt moun k ap viv nan katye nou an, kominote LGBTQIA+ la, moun k ap viv avèk VIH/SIDA ansanm ak popilasyon jeneral la viv defason pi an sante. Se yon seri etidyan ki te gen konviksyon ke “swen sante dwe se yon dwa, men pa yon privilèj.” ki te rive fonde Fenway nan lane 1971 nan kad yon mouvman klinik gratis.



Fenway & HIV

Fenway Health se yon Founisè Swen VIH/SIDA ki Gen Renonmen Mondyal epi se Pi Gwo Founisè Swen pou Pasyan ki Gen VIH ki Pa Entènè k ap viv New England

Fenway Health founi swen konplè pou pasyan k ap viv avèk enfeksyon VIH yo. Nou founi swen solidè e sansib pou tout moun, san nou pa fè diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, laj, ras, relijyon, oswa kapasite yo genyen pou yo peye. Pami pakèt sèvis kalite siperyè nou founi yo, w ap jwenn:

- Swen prensipal pou pasyan k ap viv avèk VIH
- Terapi antiviral ansanm ak jesyon efè segondè pou pasyan ki bezwen jwenn tretman
- Plan tretman pèsonalize pou pasyan k ap viv avèk VIH ki rezistan kont tretman medikaman avan yo
- Swen konplè pou pwoblèm sante ki lye ak VIH, ansanm ak enfeksyon opòtinis
- Sipò ak konsèy pou Sante Konpòtmantal/Mantal
- Depistaj ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, displazi kòl matris ak anal
- Sèvis sipò tankou lojman ak asistans legal

Modèl swen Fenway pou tout pasyan yo konsidere lespri ak kò a fè yon sèl. Nou founi terapi endividyèl ak terapi an gwoup, ekspètiz sikyatrik, tretman ak sipò pou adiksyon nan yon anviwònman ki akeyan. Nou ofri tou terapi konplemantè an plas tankou detoksifikasyon, byennèt, ak akiponkti.

Lòt sèvis nou ofri nan Fenway yo se dèmatoloji, nemonoloji, podoloji, ak radyoloji. Famasi sou plas nou an gen de (2) lokal, 1340 Boylston Street ak 142 Berkeley Street, epi li founi pasyan Fenway yo yon pakèt avantaj. Klinik prensipal nou an ki chita kò l nan adrès 1340 Boylston Street lan founi tou swen vizyon ak swen dantè sou plas.

Swen Prensipal nan Fenway Health: Ekip Swen W lan

Nan chak ekip swen sante prensipal, w ap jwenn Pwofesyonèl Swen Prensipal ou a (PCP) kote li kapab se yon doktè, yon asistan medikal oswa yon pratisyen enfimyè. W ap gen pou konsilte li pi souvan lè w gen yon nouvo dyagnostik, pandan w ap aprann kòman pou jere sante w. Depi w vin konfyan ke w gen konesans ak kapasite pou jere sante w, konsiltasyon regilye yo pral pwolonje a anviwon de (2) pa ane.



Ekip ou a gen ladan l tou yon seri enfimyè ke w kapab rele oswa voye mesaj ba yo lè w gen kesyon sou sante w, medikaman w yo, rezilta laboratwa yo ansanm ak sèvis entèpretarya, nouvo sentòm yo, maladi egi, swen pèsònèl ansanm ak kesyon pou founisè a.

Pwogram Travayè Sante Kominotè Wo Nivo (High Acuity Community Health Worker, CHW) a gen ladan l yon seri travayè sosyal ki gen nivo BA/BS ki kapab ede evalye kondisyon elijiblite ak enskripsyon nan pwogram ki wotman sansib la ki gen ladan l aksè ak resous pou kouvèti medikaman sou preskripsyon, ki abòde pwoblèm ki lye ak detèminan sosyal sante yo tankou transpò, resous pou lojman, resous pou alimantasyon ansanm ak lòt sipò. Moun ki sipèvizè e kowòdone li a se Travayè Sosyal Wo Nivo a ki kapab ofri sipò ak resous konpòtman sou baz akoutèm oswa sou baz egi, si sa nesesè.

Li enpòtan pou konprann ke ekip nou yo ap travay nan bonjan kolaborasyon avèk ou nan objektif pou kowòdone swen w epi yo gen yon pakèt eksperyans nan ede moun k ap viv avèk VIH. Yo te rive elabore divès resous pou ede w simonte tout obstak ki ta vin prezante, epi yo ankouraje w pou rele si w ta vin rankontre nan nenpòt obstak nan swen w.

Gen sèvis dakèy ki disponib nan 7^{èm} etaj la nan adrès 1340 Boylston St. pou pasyan k ap viv avèk VIH nan san yo k ap chèche sipò jou Lendi, Mèkredi, ak Jedi soti 10am-4pm

Gen yon founisè Fenway ki toujou disponib, 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Si w se yon pasyan Fenway Health ki bezwen swen medikal oswa swen sante konpòtmantal ijan kote sa pa tonbe nan lè biwo nòmal nou, tanpri, rele **617.267.0900** epi swiv enstriksyon yo pou rive antre an kontak ak Pwofesyonèl Swen Sante ki nan Gad la. Si bezwen w lan se yon ijans, tanpri, rele 911 oswa ale nan depatman ijans ki nan lopital ki pi pre w la.

Fenway aksepte pifò plan asirans yo ansanm ak Medicare ak Medicaid. Lòt pwogram gouvènman an finanse yo disponib pou moun ki kalifye yo. Èske gen chanjman ki fèt dènyeman nan sitiyasyon anplwa w? Èske w pa genyen asirans aktyèlman? Si w ap viv MA, nou kapab ede w enskri nan yon asirans. Nou kapab pale w tou de pwogram nivo frè varye nou yo pou moun ki pa gen asirans oswa asirans ou pa reponn ak bezwen medikal ou yo. Rele nou nan 617-927-6000. Nou pa refize pyès moun swen ni medikaman pou VIH kit yo an mezi, oswa yo pa an mezi, pou yo peye.



Kiyès pou m kontakte si m bezwen:

Pran yon randevou avèk pwofesyonèl medikal mwen an?

Pou w kapab pran yon randevou nan klinik nou an ki chita kò l nan adrès 1340 Boylston St. oswa South End, tanpri, rele liy pou randevou nou an nan 617.927.6000

Pou pran randevou nan Sidney Borum Jr. Health Center, tanpri, rele 617.457.8140

Poze kesyon sou estati yon referans ke founisè m nan te gentan òdone?

Rele Ekip Referans nou an nan 617.927.6130

Renouvle medikaman m atravè Fenway Pharmacy?

Pou w kapab renouvle yon preskripsyon nan lokal nou an ki nan adrès 1340 Boylston St., rele 617.927.6330 epi swiv enstriksyon yo nan sistèm renouvèlman otomatize a oswa sant apèl pou renouvèlman.

Ou kapab telechaje tout aplikasyon Rx2Go a pou w kapab mande renouvle yon medikaman apati de aparèy mobil ou a.

Fè demann yon renouvèlman preskripsyon (pa gen renouvèlman oswa pa rete anpil renouvèlman) nan men founisè Fenway mwen an?

[Itilize kont ou sou pòtay pou pasyan an](#) pou w kapab fè demann yon medikaman oswa renouvèlman preskripsyon. Konekte w sou pòtay la epi klike sou “medikaman” nan paj ki parèt la.

Oubyen tou, ou kapab rele Sant Apèl pou Renouvèlman Preskripsyon an nan 617.927.6333.

Ou kapab kite yon mesaj vokal kote w bay detay sou demann ou an (non w, non preskripsyon an, famasi w prefere a, elatriye), men yo verifye bwat mesaj vokal la regilyèman.

Ou gen yon kesyon konsènan yon pwoblèm sante?

Pou tout kesyon w genyen sou sante anjeneral, si w bezwen konsèy medikal, oswa w gen kesyon sou pwoblèm medikal, rele Sant Apèl Medikal la nan 617.927.6300 epi swiv enstriksyon pou “konsèy medikal” yo. Ou kapab voye tou yon mesaj ki pa pou ka ijan bay ekip swen w lan atravè pòtay pou pasyan MyChart la.



Pou w kapab antre an kontak avèk yon pwofesyonèl swen sante ki nan gad apre lè fonksyonman nou, rele 617.267.0900 epi swiv enstriksyon yo pou rive antre an kontak avèk pwofesyonèl swen sante ki nan gad la. Si w gen yon ijans, tanpri, rele 911 oswa ale nan depatman ijans ki nan lopital ki pi pre w la.

Ou bezwen èd pou enskri pou yon asirans oswa pou peye swen w?

Pou w kapab pran yon randevou avèk Ekip Asistans Finansyèl nou an ki fè pati klinik nou an ki chita kò l nan adrès 1340 Boylston St oswa nan South End, rele liy telefòn pou randevou nou an nan 617.927.6000.

Ou bezwen èd pou w kapab peye medikaman pou VIH ou yo?

Gen plizyè opsyon disponib pou ede w peye medikaman pou VIH yo. Nan Massachusetts, nou pa refize pyès moun swen ni medikaman pou VIH kit yo an mezi, oswa yo pa an mezi, pou yo peye.

- Si w pa gen asirans, pran yon randevou avèk Ekip Asistans Finansyèl nou an nan 617.927.6000 pou yo kapab ede w enskri nan yon asirans ak/oswa pou w kapab gen aksè ak pwogram Nivo Frè Varye nou an.
- Pou w kapab jwenn èd pou peye kopeman famasi w yo ak pou jwenn sipò anplis, ou kapab kontakte Sèvis pou Pasyan yo nan 617.927.6300 pou w kapab pran yon randevou avèk yon Travayè Sante Kominotè jeneral.
- Mande pwofesyonèl swen sante w la dirèkteman pou li ba w yon referans pou pwogram Travayè Sante Kominotè Wo Nivo nou an pou yo kapab ede w aplike pou Pwogram pou Ede W Jwenn Medikaman pou VIH (HIV Drug Assistance Program, HDAP) la.
- Si w gen yon asirans prive, ou ka petèt kapab kontakte konpayi ki fabrike medikaman an dirèkteman pou w kapab enskri pou yon pwogram pou ede w peye medikaman.



HDAP

Pwogram pou Ede W Peye Medikaman pou VIH nan Massachusetts la (HDAP) se yon pwogram Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health, MDPH) la mete sou pye, kote se [Inisyativ Resous Kominotè \(Community Resource Initiative, CRI\) a ki administre li](#).

HDAP ede rezidan ki elijib yo nan eta a k ap viv avèk VIH nan san yo peye medikaman ak asirans sante.

Kondisyon Elijiblite yo

- Estati VIH: Fòk ou bay prèv ke w ap viv avèk VIH nan san w.
- Revni: Fòk revni anyèl ou mwens pase oswa egal a 500% nan nivo povrete federal la, avèk alokasyon siplemantè pou tout moun ki sou kont ou.
- Rezidans: Fòk ou se yon rezidan Massachusetts /epi w dwe bay prèv adrès ke w ap viv nan Massachusetts.
- Antite K Ap Peye Kòm Dènye Rekou: Fòk ou gen yon egzamen ki detèmine si w elijib pou MassHealth/Connector Care, Massachusetts Insurance Connection (MIC), oswa CHIP.

Enskripsyon ak Resètifikasyon

Pou w [kapab enskri nan HDAP](#), ou dwe soumèt yon aplikasyon nòmal ki ranpli (yon fòmilè long) epi w dwe reponn ak kondisyon elijiblite yo. Depi yo apwouve aplikasyon w lan, w ap benefisye yon kouvèti k ap dire sis mwa. Chak sis mwa, ou dwe soumèt yon aplikasyon konplè pou resètifikasyon (yon Fòmilè Long) oswa si w elijibm, yon Atestasyon Pèsonèl (yon fòmilè kout). Manm pèsonèl Fenway yo kapab ede w fè aplikasyon w lan anliy oswa sou papye.

Sèvis ki Kouvri yo

- Depans ak lajan nan pòch ou pou medikaman sou preskripsyon ki lye ak VIH ak pou lòt medikaman
- Inisyativ pou Asirans Sante Konplè (Comprehensive Health Insurance Initiative, CHI) a ede w kouvri depans pou prim ki lye ak asirans sante pou plan prive, piblik ak plan ke anplwayè w la esponsòriz
- Depans ak lajan nan pòch ou pou tès rezistans kont VIH



Pwogram ak Sèvis ki disponib nan Fenway Health

Ou ka etabli relasyon pou swen sante avèk yon pwofesyonèl swen sante nan Fenway Health oswa Fenway: South End, oswa nan Sidney Borum, Jr. Health Center. Antanke yon pasyan Fenway, ekip medikal ou a pral travay nan kolaborasyon avèk ou pou yo kapab founi w swen entegre pandan y ap konsidere bezwen pèsonèl ou yo e y ap fè sa san jijman. Nou ankouraje w pwofite de pakèt avantaj sou plas ki disponib pou ou yo antanke yon pasyan Fenway. Klike sou lyen ki anba yo oswa ale sou sitwèb nou an, www.Fenwayhealth.org, for more information.

PWOGRAM AK SÈVIS SANTE FENWAY YO			
Enseminasyon Altènatif	Imajri nimerik , ansanm ak mamografi	Laboratwa sou plas, ke Quest Diagnostics jere ki fè tèsm tankou Tès pou COVID-19.	Famasi sou plas (Fenway Health ak Fenway: South End)
Sante Konpòtmantal (terapi endividyèl, gwoup , swen sikyatrik, ak plis toujou)	Swen vizyon , ansanm ak egzamen, dyagnostik ak jesyon maladi komen nan zye, ansanm ak konsiltasyon pou linèt	Asistans Legal pou reprezante kliyan yo nan divès dosye sivil	Swen espesyalize sou plas, tankou dèmatoloji, podoloji HRA, nemonoloji ansanm ak swen jeryatrik tankou depistaj pou detèmine dansite zo. Referans pou sèvis espesyalize ekstèn.
Terapi konplemantè, tankou akiponkti	Medsin Familyal	Pwogram Travayè Sante Kominotè ak Pwogram Travayè Sante Kominotè Wo Nivo	Tès, konsèy, ak tretman pou Enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay (IST)
Swen ak sèvis pou kominote LGBTQIA+ la ansanm ak lòt jèn ki arisk yo	Asistans Finansyèl ansanm ak sipò pou enskri nan yon asirans	Tretman ki Baze sou Medikaman (Medication Assisted Treatment, MAT) ansanm ak terapi konpòtmantal konplemantè pou konsomasyon sibstans	Pwogram Sante Moun Transjan an pran angajman pou l amelyore sante ak byennèt kominote transjan ak kominote ki gen plizyè idantite seksyèl yo
Swen dantè , tankou netwayaj, depistaj pou sante bouch, radyografi, plonbij, ansanm ak konsiltasyon estetik ak blanchisman dan	Sèvis pou lojman ansanm ak referans pou jwenn asistans pou lwaye	Echanj Zegwi , Edikasyon ak distribisyon Narcan pou anpeche ovèdoz	Sante Repwodiksyon ansanm ak swen Jinekolojik/Obstetrik

Gen randevou nan lasware ki disponib pou Swen Medikal. Randevou pou swen epizodik yo disponib Lendi – Samdi.



Sipò klinik ki nan gad apre lè fonksyonman biwo pou pwoblèm sante ijan. Rele 617.267.0900 epi swiv enstriksyon yo pou w kapab antre an kontak avèk sèvis ki nan gad la.

Pa ezite mande nou kòman [Fenway Pharmacy](#) kapab livre w medikaman w lan defason diskre oswa voye li lakay ou oswa nan travay ou pa lapòs gratis ti cheri.

KISA POU ATANN

Lis kontwòl sa se yon zouti ochwa pou nouvo pasyan k ap chèche resevwa swen medikal pou VIH nan Fenway Health. Nou konnen ke se yon bagay ki boulvèsan lè w fèk aprann yo dyagnostike w gen nenpòt pwoblèm sante a epi nou espere ke lis kontwòl sa kapab ede w kontwole kiyès ou ka petèt rankontre pandan w ap kòmanse resevwa swen an, ansanm ak kèk nan tach esansyèl yo ke ekip swen w la pral ede w ranpli yo. Ou kapab itilize epas vid pou mete dat la pou note dat pwochen randevou w yo.

Premye Randevou avèk Pwofesyonèl Swen Prensipal

Dat Randevou a: _____ Lè: _____

Si w fèk ap resevwa swen pou VIH nan Fenway, men kisa pou w atann:

- ☐ Rankont avèk pwofesyonèl swen prensipal ou a (PCP)
- ☐ Ou ka rankontre tou avèk youn nan espesyalis pou Maladi Enfektye nou yo nan objektif pou amelyore swen w ap resevwa pou VIH la omaksimòm
- ☐ Diskite sou medikaman yo, sou fason yo fonksyone, E=E
- ☐ Èske w prè pou kòmanse medikaman yo? Si wi, chwazi yon famasi
- ☐ Mande pou yo konekte w ak lòt sèvis yo, tankou Sante Konpòtmantal, Asistans Finansyèl, oswa nenpòt nan pwogram Travayè Sante Kominotè yo
- ☐ Gen yon bagay ki manke? Pale ak enfimyè w la oswa travayè sante kominotè a!
- ☐ **Pwochen Etap yo**
 - ☐ Fè egzamen laboratwa yo (pwofesyonèl swen sante w la pral òdone egzamen laboratwa w yo pandan premye konsiltasyon medikal ou a)
 - ☐ Pase chèche medikaman yo nan famasi w chwazi a, oswa mande pou yo livre yo lakay ou



Aprè Premye Randevou W la

Kisa pou w atann pandan premye semèn tretman ak swen an:

- ☐ Atann ou ke ekip swen w lan pral kominike avèk ou konsènan randevou pou swivi. Si w pa gen yon randevou pou swivi ki pwograme, tanpri, pa ezite rele Sant Apèl Medikal la pou w kapab jwenn plis asistans

1 - 3 Mwa

Dat Randevou a: _____ Lè: _____

- ☐ Rankontre avèk pwofesyonèl swen sante w la 1 mwa apre w kòmanse medikaman yo-pou li kapab verifye ke w kontinye pran medikaman yo ak ke kò w tolere yo
- ☐ Fè egzamen laboratwa yo pou asire ke tretman w lan ap byen mache pou ou
- ☐ Rete ajou ak vaksinasyon yo lè sa nesèsè
- ☐ Revize egzamen laboratwa ou fèk fè yo avèk **Enfimyè Ekip Swen yo** oswa **PCP** pa telefòn oswa atravè MyChart
- ☐ Revize lòt bezwen sante yo: egzamen dan, egzamen zye, nistrisyon, somèy

4 - 6 Mwa

Dat Randevou a: _____ Lè: _____

- ☐ Rankontre avèk PCP a/Enfimyè Ekip Swen yo, lè sa nesèsè pou yo kapab verifye si w kontinye pran medikaman yo
- ☐ Fè egzamen laboratwa yo
- ☐ Revize egzamen laboratè yo pou kontwòl pwogrè
- ☐ Diskite sou bezwen pou renouvèlman medikaman yo

Kontakte Ekip Swen Prensipal ou a: Tanpri, itilize espas sa pou note non ansanm ak enfòmasyon kontak ekip swen w lan. Yon fwa w fin enskri sou MyChart, ou kapab voye mesaj ki pa pou ka ijan bay ekip swen w lan si w prefere itilize mesaj olye de apèl. Yon manm nan ekip ou a pral jeneralman reponn nan kèk jou ouvab.

Non PCP M nan se:



Enfòmasyon debaz sou VIH

VIH vle di viris iminodefisyans imen. Se yon viris ki ka afebli sistèm iminitè yon moun kote li detwi selil ki enpòtan yo (selil CD4 yo) ki la pou konbat maladi ak enfeksyon yo. Pa gen okenn remèd efikas pou VIH nan moman n ap pale la a, men avèk bonjan swen medikal, ou kapab rive kontwòle VIH la. Moun ki gen VIH k ap resevwa tretman ki efikas pou VIH yo kapab viv lontan e an sante e menm pwoteje patnè yo. An reyalyte, nouvo done yo jire ke esperans vi moun k ap viv avèk VIH ki sou medikaman yo menm ak esperans vi moun ki pa gen VIH yo.

Lè w aprann yo dyagnostike w gen VIH, sa kapab chanje lavi w. Ou ka santi yon pakèt emosyon—tristès, dezespwa, oswa kòlè. Ekip swen w lan nan Fenway Health kapab ede w travèse premye etap dyagnostik ou a. Pwofesyonèl swen sante w la pral travay an kolaborasyon avèk ou pou ede w konprann kòman VIH kapab afekte sante jeneral ou ansanm ak lòt pwoblèm sante w genyen.

Enfòmasyon w bay nan seksyon sa fèt pou sèvi kòm referans jeneral. Pou tout kesyon espesifik ou genyen konsènan sante w, tanpri, pale avèk ekip swen w lan.

Viv An Sante Pandan W Gen VIH

- Jwenn swen medikal epi [pran medikaman pou trete VIH](#) (ki rele *terapi antiretwiviral* oswa ART).
- Lè w pran medikaman pou VIH yo, sa kapab diminye kantite VIH ki nan san w lan (ki rele *chaj viral*).
- Medikaman pou VIH yo kapab bese chaj viral la byen ba (ki rele *sipresyon viral*).
 - Yo konsidere yon chaj viral VIH kòm endetektab lè w gen mwens pase 200 kopi VIH sou chak militlit san.
- Medikaman pou VIH yo kapab tèlman bese chaj viral la kote menm yon tès pa kapab rive detekte li (ki rele yon *chaj viral ki endetektab*).



Endetektab = Entransmisib (E=E)

- Pifò moun kapab rive atenn yon nivo kote viris la endetektab nan kèk mwa gras ak bonjan medikaman
 - Si yo ta detekte VIH nan chaj viral ou, li enpòtan pou pran mezi prekosyon, tankou toujou itilize kapòt lè w ap fè sèks epi evite pataje ekipman enjeksyon. Sonje ke VIH la se nan san, espèm, sekresyon vajinal, ak lèt tete li rive transmèt (pwopaje). Moun pa ka transmèt li nan saliv, dlo je, pataje manje, oswa nan chita sou bouch twalèt.
- Atenn e mentni yon chaj viral ki endetektab (oswa rete nan nivo sipresyon viral la) se meyè bagay ou kapab fè pou w rete an sante.
- Lè w gen yon chaj viral ki endetektab, sa ede w evite transmèt maladi a bay lòt moun tou. An reyalyte, si w gen yon chaj viral ki endetektab, ou pa prezante okenn risk pou transmèt VIH la bay yon patnè ki pa gen VIH nan fè sèks.



Premye etap pou rive atenn nivo endetektab la se tretman pou VIH.

AN NOU METE FREN NAN VIH ANSANM

 Si w ap viv avèk VIH, meyè bagay ou kapab fè se swiv yon tretman pou VIH.

 Tank ou kòmanse tretman an pi bonè, se tank ou kapab rive atenn nivo chaj viral endetektab la pi bonè.

 Rete an sante se prensipal objektif tretman pou VIH la, epi vin endetektab se youn nan meyè bagay moun k ap viv avèk VIH yo kapab fè pou yo rete an sante.

 Atenn e mentni yon chaj viral ki endetektab anpeche w transmèt VIH la bay patnè w ki pa gen VIH nan fè sèks.

 Ou menm ansanm ak patnè w la ka anvizaje konsidere tou lòt opsyon prevansyon tankou kapòt oswa pwofilaksi avan ekspozisyon oswa PREP.

 Si w ap pran medikaman pou trete VIH, ale konsilte pwofesyonèl swen sante w la regilyèman epi toujou pran medikaman w yo jan yo preskri w la pou w kapab kenbe chaj viral ou nan nivo ki pi ba ke posib la. Pou w kapab jwenn yon pwofesyonèl swen sante toupre ou, ale sou locator.hiv.gov.

TRETMAN POU VIH LA FONKSYONE. RETE NAN SWEN EPI VIV BYEN.

cdc.gov/HIVTreatmentWorks



Lòt Fason pou Rete An Sante avèk VIH

Rejim Alimantè ak Nitrisyon

Yon nitrisyon ki ekilibre sipòte sante jeneral ou epi li ede mentni sistèm iminitè w.

Sante Mantal ak Konpòtmantal

Yon bon eta sante mantal pral ede w viv lavi w omaksimòm epi li esansyèl pou pou rive viv avèk VIH.

- Viv avèk VIH kapab lakoz gwo estrès.
- “Estigmatizasyon enteryorize” oswa “estigmatizasyon pèsonèl” se lè yon moun aksepte ide negatif ansanm ak estereyotip konsènan moun k ap viv avèk VIH yo epi li kòmanse aplike yo sou tèt li. Estigmatizasyon enteryorize ki lye ak VIH la kapab lakoz ou santi w wont, ou pè pou sa pa pran lari, ou izole tèt ou, epi w santi w dezespere.
- VIH ka afekte defason negatif santiman byennèt ou oswa li kapab agrave pwoblèm sante mantal ou deja genyen yo.
- Youn nan pwoblèm sante mantal moun k ap viv avèk VIH yo plis genyen se depresyon.
- Moun k ap viv avèk VIH yo ka twouve ke yo fè fas avèk dyanostik yo a nan divès fason diferan. Youn nan fason yon moun ka fè fas ak sa si vin konsome plis alkòl oswa lòt sibstans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan seksyon anba a ki make, “Tretman pou Konsomasyon Sibstans” (Substance Use Treatment)

Fenway Health founi swen sante mantal / konpòtmantal ki kowòdone avèk ekip swen prensipal ou a. Pwofesyonèl swen sante w la, travayè sosyal ou a, oswa travayè sante kominotè a kapab ede w rive jwenn swen sante mantal nan Fenway ak/oswa nan kominote lokal kote w ap viv la.

Si w enterese antre an kontak avèk yon terapet Fenway, tanpri, rele 617.927.6202 oswa ale sou sitwèb nou an, <https://fenwayhealth.org/care/behavioral-health/>



Tretman pou Konsomasyon Sibstans

Pasyan k ap resevwa swen sante nan Fenway yo kapab rive jwenn sipò ak tretman pou konsomasyon sibstans atravè pwogram ki endike annapre yo.

- [Pwogram pou Retablisman ak Byennèt Moun ki Gen Adiksyon \(Addiction Recovery and Wellness Program\)](#) - Depatman Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Department) Fenway Health la founi konsèy ak gwoup sipò ki la pou ede w avèk pwoblèm adiksyon, sitou pou moun ki se lesbyèn, masisi, biseksyèl, ak transjan yo.
- [Tretman ki Baze sou Medikaman \(MAT\)](#) - Nan Fenway Health, nou konprann ke gen plizyè mwayen pou rive retabli w, epi nou pran angajman pou n founi tretman ki efikas pou Twoub Konsomasyon Sibstans tankou Suboxone, Sublocade, ak Vivitrol.
 - MAT a efikas. Medikaman tankou Suboxone, Sublocade, ak Vivitrol pèmèt moun yo reprann vi e rejwenn fanmi yo, travay yo, ansanm ak kominote yo.
 - Nou entegre MAT nan Fenway nan swen prensipal la, sa ki pèmèt ou resevwa tout swen w yo nan yon sèl lokal, epi nou genyen yon famasi sou plas.
 - Nou founi enskripsyon rapid pou w kapab rive kòmanse MAT a byen rapid.
Rele 617.927.MAT1 (6281) pou w kapab jwenn plis enfòmasyon.
- [Aksè: Sante Moun ki Konsome Dwòg \(Access: Drug User Health\)](#) - pwogram sa a, ki chita kò l nan adrès Central Sq., Cambridge la, founi sèvis echan sering ki san danje, tès pou Epatit C ak Enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay (IST) pou moun ki fè enjeksyon dwòg, pou prevansyon ovèdoz, ansanm ak sèvis navigasyon sante.

Gwoup Sipò

Nan Fenway

- Depatman Sante Konpòtmantal Fenway la founi divès kalite gwoup sipò akoutèm ansanm ak ak gwoup siko-terapi ki pi alontèm pou yon pakèt bezwen sante mantal.
- Tanpri, ale sou paj sitwèb Fenway Health la pou pwogram terapi an gwoup yo pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou ki tip gwoup sipò ki disponib pou ou:
<https://fenwayhealth.org/care/behavioral-health/support-groups/>



Zòn-Boston

- Fenway kolabore tou avèk Gwoup Sipò Sivivan Alontèm nan Boston (Long-Term Survivors Support, LTSSG). LTSSG akeyi divèsite epi li ala rechèch nouvo manm aktyèlman.
 - Reyinyon yo fèt chak premye ak twazyèm Madi swa nan chak mwa nan zòn Copley Square.
 - Ou p ap peye yon santim pou w patisipe. Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon, kontakte Ethan nan ethan_herschman@yahoo.com.

Egzèsis

Egzèsis ak aktivite fizik fè pati yon mòdvi ki bon pou sante tout moun, menm moun k ap viv avèk VIH yo. Avantaj ki genyen nan fè egzèsis yo se amelyorasyon nan fòs ak mobilite, amelyorasyon nan kapasite poumon, rediksyon estrès, amelyorasyon imè w, mentni yon pwa ki bon pou sante w, amelyorasyon nan somèy ou, ansanm ak amelyorasyon nan sante fizik jeneral ou. Aktivite fizik la kapab ede w diminye sou risk pou w vin gen kèk pwoblèm sante ki ka afekte moun k ap viv avèk VIH yo tankou maladi kadyo-vaskilè, tansyon wo, kolestewòl ki wo, dyabèt tip 2, e menm kèk tip kansè.

Gen etid ki montre ke fè egzèsis modere twa fwa pa semèn, pandan 45 minit chak seyans, pandan 10 semèn, bonjan amelyore sistèm nève ak sikilasyon san moun k ap viv avèk VIH yo. Selon Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (US Dept. of Health and Human Services), adilt yo dwe fè 150-300 minit aktivite ayewobik a entansite modere chak semèn—monte bekàn, pwonmnad rapid, oswa danse rapid. Adilt yo dwe fè tou aktivite pou ranfòse misk yo tankou leve pwa, fè djip, fè abdomino, fè poulòp, elatriye. omwen de (2) fwa pa semèn.

W ap fèk kòmanse ap fè egzèsis? Konsilte doktè w la pou asire w ke w kapab antame yon woutin egzèsis nan tout mezi sekirite.



Èd pou Kite Fimen

Li kapab difisil pou w kite fimen nan nenpòt sikonstans lan—sitou pandan peryòd estrès, tankou lè yo dyagnostike w gen VIH. Pandan ke fimen gen enpak negatif sou sante tout moun, moun k ap viv avèk VIH yo gen plis risk pou yo vin devlope maladi ki lye ak fimen. Fenway Health founi resous ki kapab ede w kite fimen. Men kèk sijasyon ki kapab itil:

- Poze PCP w la kesyon sou medikaman yo ak sou sipò pou ede w kite fimen.
- Fenway Health founi [tretman akiponkti](#), ki se yon mwayen ki san danje epi ki natirèl pou ede w kite fimen. Tretman yo kapab diminye sou anvi nikotin ansanm ak anksyete ak iritabilite ki souvan kowenside avèk faz egi nan pwosesis pou kite fimen an. Yo kapab itilize akiponkti a ansanm avèk lòt medikaman pou ede w kite fimen tankou patch nikotin, chiklèt medikaman, ansanm ak lòt tretman.
- Itilize teknik plenn konsyans pou chanje pèspektiv alavni.
- Idantifye epi aplodi chak “viktwa” w pandan w ap kite fimen an:
 - Kontwòle ki kantite lajan w ap ekonomize lè w pa fimen.
 - Reflechi sou kijan rad, lakay, elatriye vin gen pi bon sant.
 - Remake ogmantasyon ki fèt nan nivo andirans ou.
 - Remake ke w pa enkyete w ankò sou ki kote pou fimen.
 - Jwenn lòt mwayen pou diminye estrès.
- Mande sistèm sipò w la ede w rive atenn objektif ou pou w rive kite fimen tabak.
- Evite aktivite ki asosye ak konsomasyon tabak pandan yon peryòd tan.

Pwofesyonèl Swen Sante Fenway Health ou a kapab ba w yon referans pou sèvis akiponkti nou an. Yon fwa w jwenn yon referans, rele 617.927.6188 pou w kapab pran yon randevou.



Medikaman

The [Fenway Pharmacy](#) se yon famasi kominotè ki ede trete pwoblèm medikal ki konplèks tankou (men ki pa sèlman se) VIH/SIDA, epatit, ansanm ak tout bezwen famasi w yo. Pasyan yo kapab jwenn sipò pratik ansanm ak sèvis edikatif nan famasi nou an. Se yon seri famasyen ki devouwe k ap jere Fenway Pharmacy ki se ekspè nan zafè medikaman w yo. Yo revize medikaman w resevwa yo pou asire sekirite w ak si yo efikas pou swen w. Famasyen nou yo travay nan bonjan kolaborasyon avèk ekip swen sante w la pou kontwole pwogrè w. Nan kad klinik Fenway Health la, nou kapab revize chat medikal ou a nan objektif pou egzamine enteraksyon medikaman yo, kontwole egzamen laboratwa yo pou asire sekirite w, epi pou fasilite kominikasyon nou avèk ekip swen sante w la.

Nan Fenway Pharmacy, nou kanpe bò kote w tout pandan tretman w lan.

Manm pèsònèl nou yo la pou:

- Enfòmè w sou medikaman w yo, ef segondè yo, entraksyon yo ansanm ak kontwòl yo, epi pou yo reponn tout kesyon w genyen konsènan medikaman w yo
- Kontwole efè segondè, entèraksyon, ansanm ak rezilta medikaman yo
- Revize dosye medikal Fenway ou a epi kontwole pwogrè w fè avèk pwofesyonèl klinik ou yo nan Fenway Health
- Evalye detanzantan tretman pou VIH ke w ap swiv aktyèlman an epi kowòdone w avèk pwofesyonèl swen sante w yo
- Travay avèk doktè ki bay preskripsyon yo ansanm ak konpayi asirans yo nan objektif pou eseye jwenn kouvèti medikaman pou medikaman ki pa fòmilè yo
- Kowòdone avantaj yo epi jwenn asistans finansyèl sa nesesè
- Fè apèl pou raple renouvèl, an pou asire ke w toujou gen ase medikaman nan men w
- Bay konsèy pou ede prevni ak jere efè segondè
- Fenway Pharmacy asire livrezon ak ekspedisyon rapid e konfidansyèl gratis ti cheri, Lendi jiska Vandredi. Li disponib pou jwenn livrezon menm jou an nan zòn Boston (gen limit ki aplike)

Tanpri, rele 617.927.6330 pou w kapab jwenn sèvis famasi nou yo, tankou renouvèlman ak otorizasyon davans.



W ap pran laj avèk VIH

Pwojè pou Moun nan Kominote LGBTQIA+ k Ap Pran Laj yo (LGBTQIA+ Aging Project)

Pwojè pou Moun nan Kominote LGBTQIA+ k Ap Pran Laj yo ap travay pou yo rive atenn ekite, enklizyon, ak kominote pou moun ki lesbyen, masisi, transjan, queer, moun k ap kesyon idantite seksyèl yo, entèsèks, ak adilt ki pi aje ki asektyèl, pandan y ap asire ke yo kapab pran laj nan diyite ak respè ke yo merite. Yo founi sipò pou adilt ki pi aje ki fè pati kominote LGBTQIA+ la, tankou:

- Yon gwoup diskisyon sou Zoom chak semèn
- Gwoup sipò pou moun ki an dèy ki fè pati kominote LGBTQIA+ la
- Lokal repa kominotè toupatou nan Massachusetts

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo sou entènèt la nan lgbtagingproject.org.

Lòt Resous pou Adilt ki Pi Aje K Ap Viv avèk VIH yo

Ethos se yon òganizasyon prive ki pa la pou fè lajan ki pwomote endepandans, diyite, ak byennèt granmoun aje ansanm ak moun ki gen andikap pandan y ap kowòdone ak founi swen adomisil ak swen kominotè kalite siperyèb ki abòdab, tankou pwogram Livrezon Repa nan Kamyonèt (Meals on Wheels) nan rejyon metwopoliten Boston nan. W ap jwenn plis enfòmasyon sou entènèt la nan ethocare.org.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou lòt pwogram nan Massachusetts yo pou granmoun aje yo nan mass.gov/topics/seniors.

Swen Vizyon/Optemtri

Nan Fenway Health, nou se ekspè nan zafè [swen zye](#) pou moun k ap viv avèk VIH. VIH kapab afekte zye w nan plizyè fason tankou enfeksyon, enflamasyon, oswa domaj nan veso sangèn yo. Sepandan, pwoblèm zye ki lye ak VIH yo vin mwens komen plis nou mete pwoblèm sante a sou kontwòl. Li enpòtan pou tout moun k ap viv avèk VIH fè yon egzamen pou dilatasyon zye chak ane kay yon optometris oswa yon ofatalmolojis pou gade si pa gen siy ki endike maladi zye ki lye ak VIH.

Pwoblèm zye ki lye ak VIH pa toujou prezante siy vizib, men nan kèk ka, ou ka gen woujè, doule nan zye, vizyon twoub, vizyon doub, oswa ou wè koukouy oswa zeklè. Si w devlope nenpòt nan sentòm sa yo, ou dwe rele pwofesyonèl swen zye w la touswit.

Pou w kapab pwograme yon randevou pou swen Optometri nan Fenway Health, rele 617.927.6190



Odontoloji

Bonjan swen dan an se yon eleman ki ekstrèmman enpòtan nan tretman pou swen jeneral w ap swiv pou VIH la. Apre yo fin premye dyagnostik w gen VIH, ou dwe al konsilte dantis pou fè yon egzamen konplè nan bouch. Nan Fenway Health, nou se ekspè nan zafè [swen bouch](#) pou moun k ap viv avèk VIH.

Premye pati nan kò yon moun k ap viv avèk VIH ki afekte se bouch li. Si moun sa pa jwenn swen dan ki apwopriye, sa kapab lakoz li gen doulè, li pèdi dan, li gen difikilte pou l moulè, ak/oswa pou l vale. Sa ka anpeche w pran medikaman pou VIH ou yo epi sa kapab lakoz ou vin gen difikilte pou manje ak pou absòbe ase nitriman ki esansyèl, sa ki kapab afekte fason kò w absòbe medikaman w ap pran pou VIH yo.

Pifò pwoblèm sante bouch ki lye ak VIH yo kapab trete. Pale ak dantis ou pou w konnen ki tretman k ap pi bon pou ou. Prevansyon pi bon ke geri:

- Ale nan randevou w genyen ki pwograme yo avèk dantis ou a regilyèman
- Bwose epi pase fil dantè nan dan w de (2) fwa pa jou pandan de (2) minit
- Pran medikaman pou VIH ou yo alè
- Fè doktè w la konnen si medikaman pou VIH yo fè bouch ou sèk epi mande li ki tretman k ap pi bon pou ou.

Si w pa gen yon dantis ke w konn wè regilyèman, mande pwofesyonèl swen prensipal ou a ba w yon referans oswa rele 617.927.6127 pou w kapab pran yon randevou.



Lòt Konsiderasyon

Divilgasyon

Enfòmasyon sou sante w se yon bagay ki prive, epi, jeneralman, ou gen dwa pou deside kilè ak kòman ou vle yo pataje li.

Men kèk sitiyasyon kote estati VIH ou a ka nesesè, ansanm avèk kèk konsèy sou kòman pou jere senaryo sa yo:

Patnè Seksyèl oswa Enjeksyon

Lè w pale avèk patnè w yo avan antre nan relasyon seksyèl oswa avan w pataje ekipman enjeksyon avèk yo, sa kapab ede anpeche pwopagasyon VIH. Sa pèmèt patnè w yo pran desizyon ki kapab pwotije sante tankou yo kapab pale avèk pwofesyonèl swen sante yo sou posiblite pou yo kòmanse pran medikaman pou prevansyon VIH (PrEP).

Men Kèk Fason W Kapab Mete Patnè W yo Okouran

- [Enfòm Patnè W \(Tell Your Partner\)](#) se yon sèvis gratis ki pèmèt enfòm ou patnè w yo, defason anonim, ke yo te ekspozè ak yon Maladi Moun Pran Nan Fè Bagay (MST) san idantite w pa revele. Yo kapab bay patnè w yo avèk enfòmasyon sou sant tès VIH lokal yo epi yo kapab ba w konsèy sou kòman ou kapab pale de estati VIH ou alavni.
- Pifò depatman sante nan eta a founi yon resous ki rele "Sèvis pou Patnè". Gras ak sèvis sa a, se manm pèsònèl depatman sante yo ki enfòm patnè w genyen aktyèlman yo ak ansyen patnè w yo ke yo ka petèt te ekspozè ak VIH, san yo pa revele idantite w. Sèvis sa kapab ede w tou enfòm patnè w yo pandan l ap ede w, an pèsòn, antame konvèsasyon sa yo ki rele doub referans. Depatman sante a pral fè tès pou patnè w yo, l ap ba yo konsèy ak referans pou lòt sèvis yo. Pou w kapab jwenn enfòmasyon siplemantè, ou kapab rele Pwogram Sèvis pou Patnè (Partner Services Program, PSP) a nan 617.983.6999.

Pwofesyonèl Swen Sante yo

Estati VIH ou pwoteje konfòmman ak lwa sou konfidansyalite swen sante yo. Li enpòtan pou ekip swen sante w la okouran de estati VIH ou pou yo kapab rive founi w swen ki plis apwopriye a.

Anplwayè yo

Ou pa oblije pataje estati VIH ou ak anplwayè w la.



Lalwa Pwoteje Moun K Ap Viv avèk VIH ak SIDA yo

Si w ap viv avèk VIH oswa SIDA, ou pwoteje kont diskriminasyon ki fèt sou baz dyagnostik VIH ou a konfòmman ak Atik 504 la nan Lwa sou Reyadaptasyon 1973 ansanm ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo 1990 la (Americans with Disabilities Act, ADA). ADA pwoteje fanmi w ak zanmi w tou kont diskriminasyon ki fèt sou baz estati VIH yo, an fonskyon de frekantasyon yo avèk ou.

ADA entèdi anplwayè, espas akomodasyon piblik, ansanm ak antite gouvènman eta ak lokal yo fè deskriminasyon. Kèk egzanp nan antite ke ADA ak/oswa Atik 504 la ka kouvri yo se lopital, klinik, ajans sèvis sosyal, sant tretman pou moun ki konsome dwòg, mezon retrèt, klinik doktè, klinik dantis, gadri, pisin piblik, ansanm ak djim.

Ekip Asistans Legal nou an la pou ou. Rele yo nan 617.437.6200 oswa ale sou sitwèb nou an nan <https://aac.org/legal-services-client-advocacy/>

Lòt Resous

Men kèk resous adisyonèl pou ede w jere divilgasyon estati VIH ou:

- <https://www.poz.com/basics/hiv-basics/disclosure>
- <https://www.aidsmap.com/about-hiv/pros-and-cons-disclosing-your-hiv-status>
- <https://www.hivlawandpolicy.org/issues/confidentiality-and-disclosure>



Konsèy Konsiltatif pou Kliyan Fenway Health yo (CAB)

Fè Vwa Ou Pase: Rejwenn Konsèy Konsiltatif pou Kliyan Fenway Health ki Gen VIH yo!

Èske w pasyone pou amelyore sèvis swen sante pou moun k ap viv avèk VIH/SIDA yo? Èske w vle pote yon vrè chanjman nan kominote w la? Konsèy Konsiltatif pou Kliyan Fenway Health yo (CAB) ala rechèch nouvo manm pou ede yo fasone avni swen ak sèvis pou moun ki gen VIH yo!

Antanke yon manm CAB, ou pral:

- Pote bonjan kontribisyon nan politik ak pwogram ki gen enpak dirèk sou swen pou VIH/SIDA nan Fenway Health
- Ede asire ke sèvis swen sante yo rete nan nivo kalite siperyè, yo adapte sou plan kiltirèl, epi yo baze sou kliyan
- Rejwenn yon kominote defansè ki divèsifye ki pran angajman pou amelyore rezilta swen sante yo
- Pote yon kontribisyon dirèk nan elaborasyon sèvis ki afekte ou menm ak lòt moun yo

Nou apreseye enterè:

- Pasyan Fenway Health Aktyèl (minimòm 12 mwa swen)
- Moun k ap viv nan New England
- Moun tout tranche daj, ras, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, ansanm ak ekspresyon seksyèl

Kontribisyon W Konte! Pou nou remèsye w pou tan w ak kontribisyon w, manm yo resevwa \$50 rekonpans pou chak reyinyon yo patisipe ladan l.

Orè Reyinyon pou Ane 2025 lan: Reyinyon yo fèt chak de (2) mwa nan mwa ki endike annapre yo:

- Janvye
- Mas
- Me
- Jiyè
- Septanm
- Novanm

Eksperyans ou viv la konte! Nou pran angajman pou n mentni yon konsèy administrasyon ki reflekte divès eksperyans ak konpetans manm kominote nou yo.



Pou N Kòmanse:

- 1) Patisipe nan yon reyinyon antanke yon envite pou jwenn plis enfòmasyon sou travay nou
- 2) Rejwenn nou pandan yon peryòd 2 lane avèk posiblite pou renouvle

Ansanm, nou kapab amelyore swen sante tout moun k ap viv nan kominote nou an. Pwennvi w presye, epi vwa w merite pase. **Ou enterese? Kontakte ajan lyezon manm pèsònèl la, Luchiano Montero nan imontero@fenwayhealth.org, pou w jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou w patisipe nan pwochen reyinyon nou an antanke yon envite.**

Rechèch

Pandan trant ane depi lè yo te premye rapòte ka SIDA yo, envestisman Federal ki fèt nan domèn rechèch fondamantal, biyomedikal, konpòtmantal, ak syans sosyal yo pèmèt nou rive mete sou pye yon pakèt entèvansyon pou prevansyon ansanm ak tretman pou sove vi.

The Fenway Institute (TFI) se yon sant entèdisiplinè pou rechèch, edikasyon, fòmasyon ak elaborasyon politik ki gen yon istwa piyonye nan kolaborasyon kominotè ak akademik. Entegrasyon nou nan sèvis klinik Fenway Health, te pèmèt nou fè inovasyon nan domèn teknoloji ak sante, epi pote entèvansyon klinik an tan reyèl.

TFI pran angajman pou l reponn ak bezwen sante espesifik minorite seksyèl ak idantite seksyèl (SGM) ansanm ak moun ke VIH afekte yo. Yo travay an kolaborasyon avèk divès aksyonè kominotè ak pwofesyonèl: mennen ak difize rechèch; konsevwa ak dispanse ansèyman, fòmasyon, ansanm ak asistans teknik; elabore ak ankouraje politik piblik ki baze done anpirik; epi y ap travay pou kiltive ak nourir yon kominote miltisiplinè e divèsifye ki konpoze de kò pwofesè ak manm pèsònèl. Onore entèseksyonalite idantite ak eksperyans nou viv, ak pran mezi pou fè ekite rasyal ak jistis sosyal avanse se eleman santral angajman sa a.

Fason pou Enplike W

The Fenway Institute toujou ala rechèch manm kominotè ki vle pote yon chanjman nan sante ak byennèt moun ki fè pati kominote LGBTQ+ epi ki gen VIH yo.

Si w enterese aprann plis sou rechèch nan Fenway Health, oswa si w vle konnen si w petèt elijib pou w patisipe nan youn nan etid nou yo, [tanpri, ranpli fòmilè kontak sa a](https://fenwayhealth.org/the-fenway-institute/research/current-studies/) at <https://fenwayhealth.org/the-fenway-institute/research/current-studies/> oswa kontakte TFI dirèkteman nan 617.927.6450 or bethechange@fenwayhealth.org.



Pwen Enpòtan nan Etid Rechèch



Etid CNICS la refilete dirèkteman rezilta desizyon ak opsyon jesyon ki fèt chak jou yo nan ka moun ki enfekte ak VIH yo epi l ap ede nou evalye entèvansyon tretman pou VIH yo nan kondisyon reyèl yon pratik swen prensipal. Tanpri, kontakte 857.313.6716 pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou CNICS ak sou kòman pou w patisipe.

Resous Ekstèn

Pwogram Viktwa yo – Kle Pou Kay (Keys To Home, KTH)

Ekip Kle Pou Kay la (KTH) kwè ke tout moun merite gen yon kote pou yo rete. Anpil nan kliyan nou an gen difikilte pou yo jwenn ak mentni lojman ki abòdab. Alèd de modèl Lojman Dabò a, pwogram KTH la ede konekte moun k ap viv avèk VIH/SIDA yo, ak yon pakèt sèvis ak opsyon lojman, tankou lojman pwovizwa ak lojman pèmanan ki abòdab, lojman kolektif solidè ak lojman ki dispèse, ansanm ak asistans pou lwaye ak sèvis piblik. Jesyonè Ka pou Rechèch Lojman yo travay an kolaborasyon avèk kliyan yo pandan 12 mwa pou ede yo jwenn lojman ki san danje, estab epi ki abòdab k ap pi byen reponn ak bezwen ak objektif yo. Jesyonè Ka pou Estabilizasyon Lojman nou yo bay jiska 12 mwa sipò pou estabilize lojman kliyan, soti nan navigasyon revni, sekirite alimantè, jesyon bidjè, jesyon fakti, elatriye.

Pou w kapab konekte, rele oswa pran yon randevou avèk yon Travayè Sante Kominotè pou l kapab ba w yon referans pou pwogram Kle pou Kay la.

